

## NILAI MORAL SAJRONE *SERAT MADUJAYA* (TINTANGAN FILOLOGI)

**Laely Yunita**

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[yunita\\_laely@yahoo.com](mailto:yunita_laely@yahoo.com)

**Dra. Sri Wahyu Widayati, M.Si**

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### Abstrak

Kasusastran Jawa mujudake asil karya para pangripta kang medharake sakabehe kedadeyan ing bebrayan. Salah sawijining asil karya kasebut yaiku *Serat Madujaya*. *Serat Madujaya* mujudake karya sastra lawas kang awujud naskah. Sajrone *Serat Madujaya* akeh kang ngandharake ngenani nilai moral. Mula, panliten iki milih irah-irahan nilai moral sajrone *Serat Madujaya*. Saka andharan mau, undheran sajrone panliten iki yaiku: (1) Kepriye wujud lan isi *Serat Madujaya?*, (2) Kepriye suntingan teks *Serat Madujaya?*, (3) Kepriye struktur *Serat Madujaya?*, (4) Kepriye nilai moral tokoh sajrone *Serat Madujaya?*. Saka undheran panliten mau, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) Njlentrehake wujud lan isi *Serat Madujaya*, (2) Njlentrehake suntingan teks *Serat Madujaya*, lan (3) Njlentrehake struktur *Serat Madujaya*, (4) Njlentrehake nilai moral tokoh sajrone *Serat Madujaya*. Paedah saka panliten iki diajab bakal (1) Panliten iki dikarepake bisa nduweni paedah kanggo panliten-panliten sastra mligine sastra lawas kang nggunakake tintangan filologi, (2) Paraga ing kasusastran kasebut bisa didadekake patuladhan tumrap masyarakat supaya bisa tumindak kang luwih becik, (3) Bisa didadekake bahan ajar mligine mata kuliah sastra Jawa, lan (4) Bisa nggampangake pamaca anggone mangerteni lan mahami isi sajrone *Serat Madujaya*.

Panliten iki kalebu panliten filologi kanthi nggunakake metodhe dheskriptif analitik. Panliten iki nggunakake filologi modern, tintangan struktural, lan konsep moral miturut pamawase Nurgiyantoro. Sumber data ing panliten iki yaiku naskah lawas kanthi irah-irahan *Serat Madujaya*. Data ing panliten iki yaiku sakabehe tembung-tembung kang nerangake babagan moral. Teknik pangumpul data yaiku kanthi nggunakake teknik nyathet, lan teknik kartu data. Asile saka panliten iki ngandharake dheskripsi naskah, suntingan teks, struktur *Serat Madujaya* lan nilai moral sajrone *Serat Madujaya*. Suntingan teks ing panliten iki mung nggunakake 3 pupuh saka 11 pupuh lan jumlah tembung kang disunting ada 29 tembung. Struktur *Serat Madujaya* kang diandharake kayata: tema, paraga, alur utawa plot, lan latar utawa setting. Dene, nilai moral kang diandharake diperang dadi telung dhasar, yaiku nilai moral pribadi, nilai moral sosial, lan nilai moral agama.

### Abstrak

Kasusastran Jawa merupakan hasil karya para pengarang yang mengungkapkan semua kejadian yang ada dalam kehidupan. Salah satu hasil karya tersebut adalah *Serat Madujaya*. *Serat Madujaya* merupakan salah satu hasil karya sastra lama yang berupa naskah. Dalam *Serat Madujaya* banyak menjelaskan tentang nilai moral. Oleh sebab itu, penelitian ini memilih judul nilai moral dalam *Serat Madujaya*.

Dari penjelasan tadi, rumusan masalah dalam penelitian ini yaitu: (1) Bagaimana bentuk dan isi *Serat Madujaya?*, (2) Bagaimana suntingan teks *Serat Madujaya?*, lan (3) Bagaimana struktur *Serat Madujaya*, (4) Bagaimana nilai moral tokoh dalam *Serat Madujaya?*. dari rumusan masalah tadi, tujuan dari penelitian ini yaitu: (1) Menjelaskan bentuk dan isi *Serat Madujaya*, (2) Menjelaskan suntingan teks *Serat Madujaya*, lan (3) Menjelaskan struktur *Serat Madujaya*, (4) Menjelaskan nilai moral tokoh dalam *Serat Madujaya*. Manfaat dari penelitian ini diharapkan (1) Penelitian ini diharapkan bisa mempunyai manfaat untuk penelitian-penelitian sastra, khususnya sastra lama yang menggunakan pendekatan filologi, (2) Tokoh dalam kasusastran tersebut, bisa dijadikan contoh terhadap masyarakat supaya bisa bertindak yang lebih baik, lan (3) Bisa dijadikan bahan ajar khususnya mata kuliah sastra Jawa, lan (4) Bisa memudahkan pembaca dalam mengerti dan memahami isi dalam *Serat Madujaya*.

Penelitian ini termasuk penelitian filologi dengan menggunakan metode deskriptif analitik. Peneliti ini menggunakan filologi modern, pendekatan struktural, dan konsep moral menurut pendapatnya Nurgiyantoro. Sumber data dalam penelitian ini yaitu naskah lawas dengan judul *Serat Madujaya*. Data dalam penelitian ini yaiku semua kata-kata yang menjelaskan ngenani moral. Teknik mengumpulkan data yaitu dengan menggunakan teknik cathet, lan teknik kartu data. Hasil dari penelitian ini menjelaskan deskripsi naskah, suntingan teks, struktur *Serat Madujaya*, lan nilai moral dalam *Serat Madujaya*. Suntingan teks dalam penelitian ini hanya menggunakan 3 pupuh dari sebes pupuh dan jumlah kata yang disunting ada 29 kata. Struktur *Serat Madujaya* yang dijelaskan yaiku: tema, alur atau plot, tokoh, dan latar atau setting. Sedangkan, nilai moral yang dijelaskan dibagi menjadi tiga dasar, yaitu nilai moral pribadi, nilai moral sosial, lan nilai moral agama.

## PURWAKA

Kasusastran diripta dening para pangripta kanggo medharake sakabehe babagan ngenani kedadeyan kang ana ing bebrayan. Najid (2009:10) ngandharake yen sastra minangka wujud refleksi kasunyatan lan pengalaman urip. Adhedhasar pengalaman urip lan kedadeyan-kedadeyan kang ana ing bebrayan iku bisa mbiyantu panganggit anggone medharake ide-ide kanggo ngasilake kasusastran. Kejaba kuwi, tujuwan anane sastra ing tengah-tengah masyarakat yaiku kanggo weneh patuladhan tumrap manungsa supaya bisa tumindak kang luwih becik.

Ing kasusastran Jawa, akeh anggitan kang medharake ngenani kedadeyan urip kang ana ing bebrayan. Suwarni (2013:1) ngandharake yen pangrembakane sastra Jawa diperang dadi telung periode, yaiku sastra Jawa kuno, sastra Jawa pertengahan, lan sastra Jawa anyar. Pamawas liya ngandharake yen periode sastra diperang dadi papat, yaiku sastra Jawa Kuno, sastra Jawa pertengahan, sastra Jawa anyar, lan sastra Jawa Muthakhir (Pigeaud, 1960 sajrone Purnomo 2007:79). Sastra Jawa kuno tuwuh antarane abad IX nganti madege kerajaan Majapahit. Yen sastra Jawa pertengahan tuwuh ing jaman Singasari nganti ditengeri ambruke kerajaan Majapahit lan tuwuh kerajaan-kerajaan Islam ing tanah Jawa. Sastra Jawa anyar tuwuh saka pengaruh Islam nganti saiki. Sastra Jawa muthakhir utawa sastra Jawa gagrag anyar tuwuh antarane abad XX lan ditengeri kanthi anane daya pangaribawa saka estetika manca ing asil karyane. Adhedhasar rong pamawas kasebut, kang dianggep luwih trep yaiku periode sastra miturut Pigeaud kang ngandharake periode sastra ana papat amarga laras karo pangrembakane jaman.

*Serat Madujaya* mujudake salah sawijine sastra Jawa lawas kang awujud naskah. Adhedhasar pangrembakane sastra Jawa, *Serat Madujaya* kalebu asil saka sastra Jawa klasik. *Serat Madujaya* ditulis nggunakake aksara Jawa lan awujud tembang macapat kang jumlahe ana 11 pupuh.

Babagan kang narik kawigaten saka *Serat Madujaya* yaiku ngenani nilai moral kang digambarake saka tumindake lan solah bawane para paraga sajrone crita. Moral yaiku ajaran ngenani apik eleke kelakuwan, sipat, kawajiban, akhlak, budi pekerti, lan susila (KBBI, 1996:665). Moral kang diduweni para paraga kasebut bisa didadekake patuladhan tumrap para pamaos mligine para remaja, amarga para remaja luwih gampang antuk daya pangaribawa saka lingkungane. Yen lingkungan pergaulane apik mesthine moral remaja kuwi uga apik, dene yen lingkungane bejat bisa ndadekake moral remaja kuwi bejat.

Panliti milih *Serat Madujaya* minangka objek panliten, amarga *Serat Madujaya* kasebut akeh

ngandharake ngenani nilai moral. Kejaba kuwi, naskah kasebut durung tau ana kang nliti, utamane ngenani nilai moral sajrone *Serat Madujaya* mau. Kanthi cara nliti naskah kasebut diajab bisa menahi patuladhan tumrap pamaca supaya bisa tumindak kang luwih becik.

Adhedhasar andharan ing dhuwur, mula ing kalodhangan iki panliten njupuk irah-irahan "*Nilai Moral Sajrone Serat Madujaya (Tintingan Filologi)*". Panliten iki nggunakake prinsip filologi modern lan tintingan struktural kanggo ngudhal *Serat Madujaya* supaya bisa nemokake nilai moral kang kinandhut sajrone *Serat Madujaya*. Prinsip filologi modern nduweni pamawas yen keaslian lan kemurnian sawijine naskah ora ditengenake. Kanthi panliten iki diajab bisa nglestarekake teks, senajan naskahe wis ilang lan rusak nanging isih ana tekse.

Adhedhasar kang wis diandharake ing lelandhesane panliten, mula prakara-prakara kang bakal diteliti yaiku: (1) Kepriye wujud lan isi *Serat Madujaya?*, (2) Kepriye suntingan teks *Serat Madujaya?*, (3) Kepriye struktur *Serat Madujaya?*, (4) Kepriye nilai moral tokoh sajrone *Serat Madujaya?*

Saka undheran panliten mau, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) Njlentrehake wujud lan isi *Serat Madujaya*, (2) Njlentrehake suntingan teks *Serat Madujaya*, lan (3) Njlentrehake struktur *Serat Madujaya*, (4) Njlentrehake nilai moral tokoh sajrone *Serat Madujaya*. Paedah saka panliten iki diajab bakal (1) Panliten iki dikarepake bisa nduweni paedah kanggo panliten-panliten sastra mligine sastra lawas kang nggunakake tintingan filologi, (2) Paraga ing kasusastran kasebut bisa didadekake patuladhan tumrap masyarakat supaya bisa tumindak kang luwih becik, (3) Bisa didadekake bahan ajar mligine mata kuliah sastra Jawa, lan (4) Bisa nggampangake pamaca anggone mangerteni lan mahami isi sajrone *Serat Madujaya*.

Filologi asale saka basa Latin kang dumadi saka rong tembung yaiku *philos* kang ateges tresns lan *logos* kang ateges tembung (*logos* uga ateges ilmu). Filologi kanthi harfiah ateges tresna marang tembung-tembung (Djamaris, 2002:6). Objek panliten filologi yaiku naskah lan teks. Djamaris (2002:3) ngandharake yen naskah yaiku sakabehe bahan tulisan tangan saka leluhur kang ditulis sajrone dluwang, lontar, kulit kayu, lan rotan. Dene teks yaiku sakabehe wacana kang ana lan tuwuh sajrone naskah. Saka teks kang ana sajrone naskah kasebut, pamaca bisa mangerteni lan paham apa kang dadi isi naskah kasebut (Purnomo, 2007:20).

Teeuw (1988:135) ngandharake yen analisis struktural nduweni tujuwan kanggo nintingi karya sastra kanthi detail, tliti, lan premati, saengga bisa mangerteni makna karya sastra kanthi utuh. Saben karya sastra mbutuhake sawijine metode analisis kang selaras kalawan sipat lan strukture.

Tembung moral asale saka basa latin "mores". Mores asale saka tembung "mos" kang ateges kasusilan, tabiat, utawa kelakuwan. Moral kang kaya mangkono bisa dimaknani piwulang kasusilan (Salam, 2000:2). Miturut Nurgiyantoro (2007:324-325) ngandharake yen jinise moral kaperang dadi 3 yaiku: 1) moral kang gegayutan antarane manungsa karo Tuhan, 2) moral kang gegayutan antarane manungsa karo diri pribadi (*individu*), lan 3) moral kang gegayutan antarane manungsa karo manungsa liya ing lingkup sosial lan lingkungan alam.

#### METODE PANLITEN

Panliten iki kalebu panliten filologi kanthi nggunakake metodhe dheskriptif analitik. Panliten iki nggunakake filologi modern, tintingan struktural, lan konsep moral miturut pamawase Nurgiyantoro. Sumber data ing panliten iki yaiku naskah lawas kanthi irah-irahan *Serat Madujaya*. Data ing panliten iki yaiku sakabehe tembung-tembung kang nerangake babagan moral. Teknik pangumpul data yaiku kanthi nggunakake teknik nyathet, lan teknik kartu data.

#### ASILE PANLITEN

Dheskripsi Naskah: *Serat Madujaya* dumadi saka 41 lembar utawa 82 kaca. Panulis ing *Serat Madujaya* disebutake kanthi cetha mung asale saka Ngungkar. Wektu panlisane yaiku ing dina Septu, wulan Puwasa, lan taun Je. *Serat Madujaya* ditulis nganggo aksara Jawa kang awujud tembang macapat dumadi saka 11 pupuh. Kahanane naskah isih apik, nanging saperangan kaca wis lapuk lan bolong-bolong amarga dipangan rayap. Basa kang digunakake sajrone *Serat Madujaya* yaiku basa Jawa, basa Arab, lan basa Kawi. *Serat Madujaya* iki nyritakake lakune paraga utama kang aran Madujaya anggone nggoleki adhike kang lunga tanpa warta.

Suntingan Teks kang ditindakake ana mung telung pupuh saka 11 pupuh ana 29 tembung kang dikomentari kaya ta:

1. Tembung "adhingte" dianggep kurang bener, mula diowahi dadi tembung adinten, amarga tembung adinten asale saka tembung dinten kang diwenehi ater-ater {a}.
2. Tembung "bodhodh" diowahi dadi tembung bodho, jalaran ing kamus basa Jawa (Bausastra Jawa) (2011:71) seratan sing bener yaiku bodho kang ateges angel mangerteni marang piwulangan.
3. Tembung "ro" kuwi cekakan saka tembung "loro". Nanging, yen disambungake karo tembung sabanjure dianggep kurang trep, mula tembung kasebut diowahi dadi tembung "rong".
4. Dudu tembung "dhen" nanging tembung "den", amarga sajrone kamus Kawi-Jawa seratan kang bener yaiku den kang cekakan saka tembung raden.

Sajrone struktur *Serat Madujaya* bakal diandharake unsur intrinsik antara liya: tema, paraga lan wewatekane, latar utawa setting, lan alur.

Tema utama kang kinandhut ing *Serat Madujaya* iki yaiku pejuwangane paraga Madujaya anggone nggoleki adhike. Ing kono, paraga Madujaya nalika nggoleki adhike dheweke ora pedhuli marang bebaya apa wae kang bakal diadhepi. Watek kendel kuwi kagambar nalika dheweke lumaku menyang papan kang wingid tanpa ana kang dumunung siji-sijia, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Ki madujaya lumampah,  
lampahe ingkang kaesti,  
imarga tan mawi rewang,  
paessane dhiri neki,  
awas dhenya tumingal,  
pana rewang ngireki,  
madujaya paessan,  
ginawe kandang.  
(Pupuh III, pada 2)*

*Ki madujaya wus lepas,  
anuju wana kang wingid,  
paga baya kalintangan,  
tan nahi kakang asih,  
madujaya linyaris,  
raina wengi lumaku,  
tan nana wong kapapag,  
aneng tengah iwandri,  
madujaya areredhengnya lumampah.  
(Pupuh III, pada5)*

Adhedhasar pethikan kasebut, bisa diandharake yen pejuwangane paraga Madujaya anggone nggoleki adhike kuwi gedhe banget. Dheweke kudu ngliwati papan kang wingid lan paga baya. Dheweke nganti ora peduli karo wayah rina lan wengi. Dheweke terus nggoleki adhike kasebut.

Paraga lan wewatekane minangka unsur kang paling dominan sajrone riptan sastra. Anane paraga lan wewatekane sastra bisa nggampangake pamaca anggone mangerteni isi riptan sastra kasebut.

Paraga sajrone cita mesthi nduweni watek kang beda-beda, ana kang nduweni watek becik lan nduweni watek ala. Semono uga ing *Serat Madujaya*, pangripta anggone nggambarake wewatekane paraga ana kang becik lan ana kang ala. Mula saka kuwi, ing ngisor iki bakal diandharake ngenani paraga lan wewatekane paraga sajrone *Serat Madujaya*.

- 1) Madujaya → kendel, sayang marang kulawarga, tanggung jawab, tawwakal, pinter, lan sopan santun.
- 2) Candra Sekar → sayang marang kulawarga, lan manut marang bojo.
- 3) Angrundaya → ora nduweni sopan santun.
- 4) Aji darma → ngormati wong liya.
- 5) Maduraga → tulung tinulung, lan manut marang sedulur tuwa.
- 6) Nyi Rubiyah → manut marang bojo, lan tulung tinulung.
- 7) Nyi Sumitrah → grapyak, manut marang bojo, lan tulung tinulung.
- 8) Panji Sekar → ngurmanti wong liya.

- 9) Puspa Layang → manut marang sedulur tuwa.
- 10) Ki Pekih Brahim → ora seneng nglarani atine wong liya.
- 11) Ki Prabusa → ora gelem ngormati wong liya, umuk, lan jahat.

Plot utawa alur mujudake kedadeyan urut-urutane crita. Alur kang digunakake sajrone *Serat Madujaya* yaiku alur maju. Kedadeyan sajrone crita mau dicritakake kanthi runtut saka purwa nganti wasana, dadi anane kedadeyan saka kawitan bakal nyebabake kedadeyan sabanjure.

Kedadeyan purwane crita dumadi nalika paraga Angrundaya lunga tanpa warta. Ing kono, paraga Madujaya lan garwane kang aran Candra Sekar sedhik manahe. Bab kuwi bakal diduduhake kaya ing pethikan ngisor iki:

*Sira lunga ingsun tanu dhanni,  
angurdhaya sira kani aya,  
issun nikki kari dhewek,  
apa ing sisipisun,  
sira lunga nora wawarti,  
meko ta sira tilar,  
nora tangipun,  
dhening sira tegga tillar,  
isun niki tan derbe ngujar kang sandi,  
angurdaya mulwaya.  
(Pupuh II, pada 3)*

Tumindake Angrundaya kang lunga tanpa warta kasebut, ndadekake Madujaya sedhik manahe. Dheweke nduweni kepinginan kanggo nggoleki adhike kang lunga kuwi. Sawijine dina, Madujaya njaluk pamit marang garwane, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya wau miarsekki,  
sasambatte reke ingkang garwa,  
sasaya alehmanahe,  
wau arsa nusul,  
atut puntata karsanireki,  
madujaya lembayang,  
manahe kayuyun,  
kari tansah kacipta,  
dhadhya sira pammit marri kang rayi,  
candra sekar riya.  
(Pupuh II, pada 9)*

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen paraga Madujaya ora tega arep ninggal garwane. Nanging dheweke tetep pamit kanggo nggoleki adhike kuwi. Pancen kuwi wis dadi kuwajibane Madujaya minangka sedulur tuwa. Nalika ana salah sawijine kulawarga kang ilang dheweke tanggung jawab nggoleki.

Sawise pamitan marang bojone, banjur nyritakake lakune paraga Madujaya nalika nggoleki adhike. Dheweke kudu ngliwati maneka negara, kayata: Indrakilat, Karimalang, lan Banyudhana. Kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya lingnyang manis,  
kaula kakang atanya,  
sedhya kaula imangko punapa wonten  
Negara,  
lan kekasih andika,  
kaula kang dhereweruh,  
maduraga aris mojar.  
(Pupuh II, pada 6)*

*Wastane ingkang negari,  
ing wasta kaula,  
indrakilatt ing wastane,  
kaula maduraga,  
raka dhika punika,  
ajidarma wastannipun,  
kang dherbenning indrakalat.  
(Pupuh II, pupuh 7)*

Pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen paraga Madujaya lumaku menyang negara Indrakilat. Negara kuwi minangka negarane Aji darma lan Maduraga. Sawise menyang negara Indrakilat, dheweke banjur menyang negara Karimalang minangka panggonane Puspa Layang.

Wasanane crita yaiku nyritakake paraga Madujaya lumaku menyang negara Banyudhana. Ing kono, dheweke ketemu karo santrine Ki Prabusa. Bab kang nuduhake kedadeyan kuwi kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya katiwang dhenya lumapah,  
tan nana kapapag,  
tegal kapanasan,  
songsonge kayu teja,  
banyudhana wus kawingking,  
amurang marga,  
madujaya lumaris.  
(Pupuh X, pada 1)*

Adhedhasar pethikan kasebut bisa dimangerteni yen paraga Madujaya lakune wis nganti ngliwati pirang-pirang negara. Nanging sajrone *Serat Madujaya* ora diandharake kanthi blaka kasil orane paraga Madujaya anggane nggoleki adhike. Sajrone *Serat Madujaya* mung njlentrehake lakune paraga wae tanpa nuduhake ketemu orane paraga Madujaya karo adhike.

Latar panggonan sajrone *Serat Madujaya* mujudake latar panggonan kang dinamis. Latar mau ora akeh, nanging wis cukup kanggo nggambarake kedadeyan saben-saben crita. Saben kedadeyan sajrone crita nduweni latar kang beda-beda. Latar panggonan sajrone *Serat Madujaya* bakal diandharake ing ngisor iki.

- 1) Wana kang wingid
- 2) Karang Kitri
- 3) Indrakilat
- 4) Karimalang
- 5) Banyudhana

Kejaba latar panggonan, pangripta uga njlentrehake latar wektu kang ana sajrone *Serat Madujaya*. Latar wektu kang ana sajrone *Serat Madujaya* yaiku nalika wayah esuk lan bengi.

### Nilai Moral

Nilai moral sajrone *Serat Madujaya* bakal diperang kaya kang wis diandharake ing ngarep yaiku: 1) moral kang gegayutan antarane manungsa karo Gusti, 2) moral kang gegayutan antarane manungsa karo diri pribadi (*individu*), lan 3) moral kang gegayutan antarane manungsa karo manungsa liya ing lingkup sosial lan *lingkungan* alam. Mula saka kuwi, ing ngisor iki bakal diadharake kanthi gamblang ngenani nilai moral kang kinandhut sajrone *Serat Madujaya*.

### Nilai Moral Pribadi

#### 1) Kendel

Saben manungsa kudu nduweni watekkendel supaya slamet yen ana bebaya lan ora dadi kalah-kalahan karo wong liya. Sikap kendel kuwi didhasari saka rasa percaya dhiri. Sikap kendel ora tuwuh saka wong liya, ananging tuwuh saka awake dheweke. Yen awake dhewe ngrasa bener aja gelem dadi kalah-kalahane wong liya. Kadhang kala uga ana saperangan wong kang biasane licik dumadakan nduweni watekkendel. Prakara kuwi disebabake amarga pawongan kasebut ana ing kahanan kang bebaya. Watekkendel kasebut uga diduweni karo sawijineparaga kang ana ing crita. Paraga kasebut yaiku Ki Madujaya, kaya ing pethikan ing ngisor iki:

*Ki madujaya lumampah,  
lampahe ingkang kaesti,  
imarga tan mawi rewang,  
paessane dhiri neki,  
awas dhenya tumingal,  
pana rewang ngireki,  
madujaya paessan,  
ginawe kandang.  
(Pupuh III, Pada 2)*

Saka pethikan ing ndhuwur, bisa diandharake yen ki Madujaya kuwi nduweni watek kendel. Watek kendel kasebut kabukti nalika dheweke lagi nggoleki adhike kang lunga, Dheweke lumaku dhewean tanpa ana rewange. Senajan, dhewean nanging dheweke tetep lumaku kanggo nggoleki adhike. Tanpa mikir apa wae kedadeyan kang bakal diadhepi mengko nalika ana ing margo. Yen dipadhakake karo bebrayan saiki, ora kabeh wong kang nduweni watekkendel yen lagi lelampahan dhewe. Nalika lelampahan mesthi golek rewang supaya yen ngadhepi samubarang kang dianggep bebaya lan wingid, dheweke ora wedi amarga ana rewange.

#### 2) Manut

Manut ing kene nduweni teges nindakake sakabehe pakaryan kanthi ikhlas nrima. Kuwajibane

wong wadon yen wis duwe bojo iku pancen kudu manut marang bojo. Apa wae kang diprentah marang awake dhewe kudu ditindakake. Kabeh agama mesthi mulangake babagan kasebut, yen wong wadon kuwi ukume wajib manut karo bojone amarga swargane wong wadon iku ana ing wong lanang. Kejaba kuwi, wong wadon uga ora bisa nyegah apa kang dadi kekarepane senajan dheweke kuwatir. Watek kuwi kaya kang kagambar sawijeparaga yaiku Candra Sekar kang ora bisa nyegah kekarepane bojone kang arep goleki adike, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Candra sekar muwus semu tangis,  
manah ira rekeh sun buburat,  
arsa tiningal ing mangke,  
wis kinalangnipun,  
candra sekar tan kena agnyis,  
inggih sumaga karsah,  
atilar mareng sun,  
ta sagedh kawula nyegah,  
wus pancine pawestri rekeh punika,  
tinilar dhening priya.  
(Pupuh II, pada 11)*

Saka pethikan ing ndhuwur, bisa diandharake yen Candra Sekar kuwi manut marang bojone, dheweke mung bisa nrima tanpa bisa nyegah apa kang dadi kekarepane bojone. Senajan wis direwangi nangis getih, dheweke mung bisa ndedonga supaya apa wae kang ditindakake dening bojone kuwi diwenehi slamet karo Gusti. Beda karo wong lanang kuwi nduweni hak kanggo nyegah apa wae kang ditindakake karo bojone. Pancen kuwi kabeh ora adil yen dirasak-rasakake, nanging wong wadon kudu yakin lan weneh semangat yen apa wae kang ditindakake karo bojone kuwi becik lan ora nentang karo prentah agama.

#### 3) Sayang marang Kulawarga

Saben anggota kulawarga kudu sayang marang siji-sijine. Rasa sayang kuwi dituwuhake supaya bisa urip rukun karo sedulur liyane. Wong tuwa mesthi nuturi anake supaya bisa tulung tinulung antarane dulur siji lan liyane. Sedulur tuwa kudune ngalah marang sedulur enom, amarga sedulur tuwa dianggep luwih ngerti tinimbang sedulur enom. Watek kuwi kaya kang ditindakake dening Madujaya, dheweke ngalah marang adhike nalika mangan timun, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Ketang lagya alit ika,  
dhen mangan isun nika ngalah,  
lamon padha mangan timun,  
isun endase ika,  
ingkang pahit kang dhen panga  
dhening ngisun,  
kang manis si yayi ika,  
isun alahi yayi.  
(Pupuh VII, pada 4)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Madujaya kuwi sayang banget marang adhike. Watek kuwi kabukti nalika dheweke lan adhine lagi mangan timun, dheweke gelem ngalah karo adhike. Senajan dheweke ngerti yen timun sing dipangan kuwi rasane pait. Nanging, dheweke tetep nrima tanpa ngeluh lan iri marang adhike. Dheweke mung pengin adhike seneng.

#### 4) Tanggung Jawab

Nalika salah sawijine sedulur lunga, kudune sedulur liyane golek. Pancen sedulur kang paling tuwa kuwi kang duwe kuwajiban kanggo ngayomi lan tanggung jawab marang adhi-adhike. Nanging, sejatine kabeh sedulur uga kudu bisa nduweni watek kaya mangkono. Sajrone *Serat Madujaya* ana sawijineparaga kang nduweni watek tanggung jawab. Paraga kasebut yaiku Madujaya kang lagi nggoleki adhike kang lunga, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya wau miarsekki,  
sasambatte reke ingkang garwa,  
sasaya aleh manaha,  
wau arsa nusul,  
atut puntata karsanireki,  
madujaya lembanyan,  
manahe kayuyun,  
kari tansah kacipta,  
dhadhya sira pammit marri kang rayi,  
candra sekar riya.  
(Pupuh II, pada 9)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Madujaya nduweni watek tanggung jawab marang adhike. Watek kuwi kabukti nalika Madujaya weruh yen adhike lunga, dheweke kepengin nggoleki adhike nganti ketemu. Senajan dicegah karo bojone, nanging ora digubris karo Madujaya.

#### 5) Andhap Asor

Andhap Asor mujudake tumindak kang becik yaiku ora gumedhe. Saben manungsa kudune nduweni watek andhap asor. Kabeh agama uga mulangake marang umate supaya andhap asor marang wong liya. Aja seneng mamerake apa kang wis diduweni ing dunya iki. Mboh kuwi kapinteran, bandha dunya, utawa drajat sing diduweni. Kaya unine sesanti iki: "*Yen kuwasa aja kumawasa, yen pinter aja kuminter, yen sugih aja sumugih, yen banter aja seneng nglancang, yen mandi aja mateni*". Sesanti kuwi mulangake supaya manungsa aja seneng pamer lan umuk, amarga kabeh kang diduweni saiki mung winates titipan saka kang nggawe urip wae. Aja kaya paraga Prabusa kang umuk marang Madujaya lan nyacat sapenake dheweke, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Ki prabusa angucap sarwi brahmaca,  
mariki pekih brahim,  
wong welaka ing kayen micara agama,*

*dhen sudhug lawan prayogi,  
tapapeka kaya elmuning belis.  
(Pupuh X, pada 27)*

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Ki Prabusa kuwi nduweni watek kang ala. Dheweke umuk marang apa kang diduweni ing dunya. Dheweke sapenake dhewe nyacat Madujaya yen ilmu kang diduweni kuwi kaya elmune belis lan dheweke nganggep madujaya minangka wong kang welaka. Senajan dheweke nduweni drajat kang dhuwur, nanging dheweke aja seneng umuk marang apa wae kang diduweni kuwi.

#### 6) Ora Gampang Nglokro

Dadi wong kudune aja gampang nglokro nalika ngadhapi pancobane urip. Wong kang gampang nglokro iku mesthi uripe ora bakal maju, amarga dheweke wedi arep nindakake apa wae kang mbutuhake pangorbanan. Kaya kang diandharake "pepatah" yen "*kegagalan adalah kunci keberhasilan*". Mula saka kuwi, awake dhewe aja gampang nglokro masiyo nampa pancoban kang abot saka Gusti. Yen pengin antuk asil kaya kang dikarepake kudu tetep ngupaya lan aja lali donga marang Gusti. Tumindak kaya mangkono uga dilakoni dening Madujaya, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Lepas lampahe sang brangta,  
madujaya katiwang lampahireki,  
lampahe angilen ngidhul,  
bubulak ngeta-ngeta,  
pranahipun ki madujaya lumaku,  
ing dhadhalan kapannassan,  
sringga baya dhipu nusih.  
(Pupuh VII, pada 1)*

*Kalunta-lunta lumapah,  
dhipun seruh lampahi kang nulih,  
paga baya pranahipun,  
tan ana wong kapapag,  
sadhhalane ki Madujaya lumaku,  
tan nana nyarani jalma,  
amacan imuning.  
(Pupuh VII, pada 8)*

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa diandharake yen paraga Madujaya minangka paraga kang nduweni sikap kang ora gampang nglokro sajrone kahanan kaya apa wae. Sikap kuwi kabukti nalika Madujaya lagi nggoleki adhike kang lunga, dheweke ora nglokro masiyo kepanasan ning dalan. Dheweke tetep lumaku nganti marani pirang-pirang negara kanggo nggoleki adhike. Dheweke uga ora tau sambat masiyo kalunta-lunta lan krasa pegel nalika nggoleki adhike. Dheweke tetep semangat lan terus lumaku ngliwati pirang-pirang negara tanpa peduli rina lan wengi.

## 7) Ngendhalekake Hawa Nepsu

Saben manungsa kudu bisa ngendhalekake hawa nepsu. Ana maneka werna hawa nepsu kang diduweni manungsa, antara liya mutmainah, sapiyah, aluamah, lsp. Kabeh jinise hawa nepsu kuwi kudu bisa dikendalekake, aja nganti metu saka watese. Pancen angel kanggo ngendhalekake hawa nepsu apa maneh nalika ditemokake karo wong wadon ayu utawa wong lanang ganteng mesthi manungsa angel ngendhalekake hawa hepsune. Ana sawijine cara kanggo ngendhalekake hawa nepsu yaiku kudu tansah eling marang Gusti nalika arep nindakake apa wae. Tumindak kaya mangkono, dilakoni dening Nyi Rubiyah kang lagi kasmaran marang Madujaya, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Saprapta nira ing wesma,  
sampun i garwa allirih,  
ki ajidarma angucap,  
dhateng ing garwa alirih,  
bokori radhen nagyis,  
nyi rubiyah pijeng dhulu,  
wetarrenne madujaya,  
ana karasa ing ngati,  
nyi rubiyah kasmaran dana ing tingal.  
(Pupuh III, pada 13)*

Saka pethikan ing ndhuwur bisa diandharake yen Nyi Rubiyah mendhem rasa marang Madujaya. Dheweke nalika wiwitan ketemu Madujaya wis mendhem rasa seneng marang Madujaya. Dheweke kesengsem marang Madujaya amarga Madujaya nduweni rupa kang bagus. Pancen salah yen akeh kang seneng marang Madujaya. Kamangka sejatine ora becik seneng marang wong iku saka wiwitan ndeleng tanpa mangerteni asal-usule. Nanging, ing jaman saiki akeh para mudha mung ngandelake paningal wae nalika milih wong wadon. Kudune awake dhewe kudu bisa ngendhalekake hawa nepsu supaya ora kejebur ing dalan kang dilarang dening Allah.

## 8) Nglarani AtineWong Liya

Sajrone urip ing bebrayan, saben manungsa aja nganti nggawe larane wong liya. Senajan kuwi ora sengaja diucapake marang wong liya. Manungsa kudu bisa njaga lathine amarga kaya kang diandharake dening pepatah "Ajining Dhiri Saka lathi". Mula saka kuwi, manungsa kudu bisa ngontrol apa wae kang arep diucapake. Sajrone *Serat Madujaya* ana sawijine paraga kang seneng nyacat wong liya. paraga kasebut yaiku Ki Prabusa. Bab kang nuduhake andharan kuwi yaiku:

*Ki prabusa angucap sarwi brahmaca,  
mariki pekih brahim,  
wong welaka ing kayen micara agama,  
dhen sudhug lawan prayogi,  
tapapeka kaya elmuning belis.  
(Pupuh X, pada 27)*

Tumindak kang ditindakake dening Ki Prabusa minangka tumindak kang ala. Dheweke ora bisa njaga pangrasane wong liya. Senajan dheweke ora seneng marang Madujaya, nanging luwih becike aja nganti tumindak kang bisa ndadekake lara atine wong liya. Ki Prabusa nyacat Madujaya, yen ilmu kang diduweni Madujaya kuwi kaya elmune belis.

## Nilai Moral Sosial

### 1) Sopan Santun

Kabudayan wong Jawa ngenani sopan santun nalika mertamu ning omahe wong liya isih diugemi karo wong saiki. Yen arep mulih nalika mertamu lumrahe salaman karo sing duwe omah. Sawise salaman banjur dheweke mulih. Tumindak kaya mangkono uga kagambar karo tumindake paraga yaiku Madujaya, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya sigrah muwus,  
asusah lamsira angnyis,  
ki ajidharma atampa,  
salam sira agnyis,  
agogyag asalaman,  
maduraga tanpa malih.  
(Pupuh IV, pada 19)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Madujaya nduweni sopan santun nalika mertamu lan isih ngugemi kabudayan Jawa. Sopan santun kuwi kabukti nalika Madujaya arep mulih, dheweke pamitan lan salaman karo sing duwe omah kang aran Maduraga. Kejaba kuwi, dheweke uga nyuwun pangapura menawa dheweke wis gawe susah kulawarga sing ditamoni.

### 2) Ngormati Wong liya

Saben manungsa kudu saling ngormati siji lan sijine supaya bisa urip rukun. Sikap kurmat iki bisa ditindakake saka tumindake lan cara wicarane. Yen caturan karo wong sing luwih tuwa utawa sing lagi ketemu nanging saumuran, kudune nganggo basa krama. Kaya kang ditindakake dening Madujaya nalika nepangake marang Ajidarma dheweke nggunakake basa krama minangka wujud sikap kurmate, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya lingnyang manis,  
wong surandil kakang,  
sedhya kaula ing mangko,  
igih angulari wangsa,  
ical boten kantenan,  
angrundaya wastanipun,  
kaula ki madujaya.  
(Pupuh VI, pada 5)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Madujaya kasebut kurmat marang wong liya. Sikap kuwi bisa dideleng saka cara wicarane nalika

ngomong karo wong liya. Madujaya nggunakake basa krama nalika caturan karo Maduraga.

### 3) Tulung Tinulung

Tulung tinulung mujuduke sawijining tumindak kang becik. Manungsa minangka makhluk sosial mesthi ora bisa urip dhewean. Kabeh manungsa mesthi mbutuhake wong liya sajrone nglakoni urip. Mula saka kuwi, awake dhewe kudu tulung tinulung marang sasama. Tulung tinulung ing kene ora mung arupa bandha donya wae, nanging uga bisa saka tumindak. Sajrone *Serat Madujaya*, tumindak tulung tinulung uga dilakoni dening para paraga, kaya ing pethikan ngisor iki:

*Madujaya lingnyang manis,  
kaula kakang atanya,  
sedhya kaula imangko punapa wonten  
Negara,  
lan kekasih andika,  
kaula kang dhere weruh,  
maduraga aris mojar.  
(Pupuh IV, pada 6)*

*Wastane ingkang negari,  
ing wasta kaula,  
indrakilat ing wastane,  
kaula maduraga,  
raka dhika punika,  
ajidarma wastannipun,  
kang dherbenning indrakalat.  
(Pupuh IV, pada 7)*

Saka pethikan ing ndhuwur bisa diandharake yen para paraga sajrone *Serat Madujaya* kuwi nduweni watek tulung-tinulung marang sasama. Senajan, ora tepung nanging yen ana wong takon kuwi kudu diwangsuli. Tumindak kaya mangkono, uga dilakoni dening Maduraga. Nalika Madujaya takon marang Maduraga ngenani jenenge negara kang diliwati kuwi. Maduraga tanpa takon luwih dhisik marang wong kang takon mau. Dheweke malah banjur mangsuli, yen jenenge negara kasebut yaiku Indrakilat. Pancen ora kabeh wong nduweni watek kaya Maduraga. Kadhang kala ana wong kang ora gelem mangsuli yen ditakoni wong, amarga dheweke ora tepung karo wong kang takon mau. Kamangka, sejatine tumindake kuwi ora becik amarga ora gelem mbiyantu wong kang lagi nandhang susah.

## Nilai Moral Agama

### 1) Tawwakal

Nalika manungsa nrima pacobaning urip, manungsa mung bisa pasrah marang sing gawe urip kanthi cara ndedonga supaya bisa tenang ing jero batine. Aja nganti nglokro banjur nglakoni apa wae kang dilarang karo agama. Manungsa kudu bisa njaga paningal, pangrungu, lan pangambung supaya ora tumindak dosa. Tumindak kaya mangkono

ditindakake dening sawijining paraga yaiku Madujaya kang pasrah marang Hyang Widhi yen ing sawijining dina bakal ketemu karo adhike, kaya ing pethikan:

*Aja sira yayi kari brangti,  
pan si kakang arsa mahollanna,  
anusul maring arine,  
karra aja binturu,  
asrahana maring hyang widhi,  
aja mamang ing tingal,  
nora lawas ingsun,  
sunwang ngeni kali candra,  
lama ora kapanggih arining reki,  
ingsun wangsuli wismah.  
(Pupuh II, pada 10)*

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Madujaya kasebut pasrah marang Hyang widhi. Senajan, dheweke pasrah nanging dheweke isih ngupaya kanggo nggoleki adhike sing lunga. Dheweke tansah sabar nrima pancobaning urip kang ginanis ing uripe. Dheweke percaya yen Allah ora bakal weneh cobaan sing ngluwahi saka kabisaneumate. Manungsa diwenehi cobaan kuwi minangka wujud kasih sayang Allah marang umate. Mulane, manungsa kudu tansah ndedonga supaya tenang jrone ati. Manungsa kabeh kudu percaya kanthi pancoban kuwi awake dhewe bisa tumindak kang luwih becik tinimbang sadurunge.

### 2) Ibadah

Manungsa urip ing donya kuwi ora mung mikirake bandha donya wae, nanging uga kudu eling marang Gusti kang akarya jagad. Kabeh manungsa kuwi kudu bisa nglarasake antarane urusan donya lan akhirat. Aja mung mikiri urip seneng ing donya wae, amarga urip ing donya mung sawetara wae. Mula saka kuwi, kabeh manungsa kudu nglakoni ibadah kang diprentah dening Gusti Allah, lan ngedohi apa wae kang dilarang dening Gusti Allah. Kabeh kuwi tujuwan mung siji yaiku kepengin mlebu swarga. Mesthine kabeh wong urip kuwi nduweni kekeperan mbesuk yen mati bisa mlebu swarga, amarga ing swarga kono awake dhewe bisa kepenak lan apa wae sing dikarepake bisa keturutan. Tumindak kaya mangkono uga dilakoni karo paraga sajrone *Serat Madujaya*, kaya ing pethikan ngisor:

*Pirang-pirang santrine aji prabusa,  
kebek aneng masigit,  
rama santri ika,  
sadhaya angaji sabat,  
alam abdul alam,  
rame ing lagar,  
ing kang sami ngaji.  
(Pupuh X, pada 9)*

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa diandharake yen santrine Aji Prabusa kabeh padha ngaji kitab ing langgar. Kagiyatan ngaji kasebut

minangka kagiyatan kang wis biyasane dilakoni saben dina dening para santri. Kabeh para santri diwulang ngaji dening Ki Aji Prabusa. Kagiyatan ngaji minangka ibadah marang Gusti Allah, senajan mung maca sakaca nanging kuwi wis antuk pahala. Maceme ibadah kuwi akeh, antara liya yaiku: shalat, pasa, ngaji, lsp. kabeh kuwi ukume wajib dilakoni kabeh umat, utamane umat Islam.

## PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar irah-irahane, analisis ditindakake kanthi ngandharake nilai moral sajrone *Serat Madujaya* kanthi nggunakake tintingan struktural kang munjerake marang moral tokoh sajrone *Serat Madujaya*. Kejaba kuwi, uga ngandharake dheskripsi naskah lan suntingan teks kanthi nggunakake *prinsip* filologi modern

Analisis kang ditindakake nggunakake objek panliten kang arupa naskah lawas kanthi irah-irahan *Serat Madujaya*. irah-irahane naskah kasebut dijupuk saka salah sawijine tokoh kang aran *Madujaya*. *Serat Madujaya* iki mujudake salah sawijine crita kang nyritakake lakune paraga utama kang nggoleki adhike kang lunga.

Analisis dheskripsi *Serat Madujaya* iki ditindakake kanthi cara ngandharake irah-irahane naskah, papan panggonan nyimpen naskah, nomer naskah, panulis lan wektu panulisan naskah, bahane naskah, ukuran lan cacah kaca, kahanan fisike naskah, tulisan naskah, basane naskah, lan isine naskah. Sakabehe kuwi mau dijlentrehake kanthi cetha lan jangkep.

Analisis suntingan teks ditindakake kanthi mbenerake kekliruwan nalika nulis utawa nyalin teks. Suntingan teks ing panliten iki mung nggunakake 3 pupuh saka 11 pupuh lan jumlahe tembung kang disunting ada 29 tembung. Tetembungan kang dianggep kliru, banjur dibenerake ana ing aparat kritik. Sawise dibenerake ana ing aparat kritik, banjur diwenehi komentar.

Saliyane analisis dheskripsi naskah lan suntingan teks kang wis diandharake mau, analisis struktur *Serat Madujaya* lan nilai moral uga ditindakake dening panliten iki. Struktur *Serat Madujaya* kang diandharake yaiku: tema, paraga lan wewatekane, plot utawa alur, lan latar utawa setting. Dene, nilai moral kang diandharake diperang dadi telu yaiku nilai moral pribadi kayata: kendel, tanggung jawab, sayang marang kulawarga, andhap asor, ora gampang nglokro, ora ngalarani atine wong liya, lan ngendhalekake hawa nepsu, nilai moral sosial, kayata: sopan santun, ngormati wong liya, lan tulung tinulung, kang pungkasan nilai moral agama, kayata: tawakkal lan ibadah.

### Pamrayoga

Panliten iki pancen durung sampurna, isih akeh kekliruwan-kekliruwan kang disengaja lan ora disengaja. Mula saka kuwi, dikarepake panliten

sabanjure bisa luwih sampurna saka panliten iki. Panliten iki dikarepake bisa aweh daya pangaribawa tumrap panliten sanjure kang nduweni objek panliten kang padha supaya bisa luwih sampurna.

## KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Atmawati, Dwi dkk. 2008. *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah*. Semarang: Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

Baried, Siti Baroroh. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Darma, Budi. 2004. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Kedua*. Jakarta: Balai Pustaka

Djamaris, Edward. 2002. *Metodologi Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco

Endraswara, Suwardi. 2006. *Budi Pekerti Jawa Tuntunan Luhur Budaya Adiluhung*. Yogyakarta: Buana Pustaka

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra (Epistemologi, Model, teori, lanaplikasi)*. Yogyakarta: CPAS

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka

Moleong, J Lexi. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya

Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Penerbit BINTANG

Ranggawarsita, 1988. *Kamus Kawi-Jawa*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

- Salam, Burhanuddin. 2000. *Etika Individual: Pola Dasar Filsafat Moral*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Sasangka, Sry Satriya Wisnu. 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Semi, M. Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa
- Sudardi, Bani. 2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia (BPSI)
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sumaryono, E. 2013. *Hermeneutika Sebuah Metode Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius
- Suryani, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: Graha Indonesia
- Suseno, Frans Magnis. 1987. *Etika Dasar Masalah-Masalah Pokok Filsafat Moral*. Yogyakarta: Kanisius
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa) Edisi Kedua*. Yogyakarta: Kanisius
- Tim Penyusun. 2014. *Buku Panduan Skripsi*. Surabaya: Unesa
- Warseno, Tentrem. 2006. *Tuntunan Sekar Macapat*. Surakarta: Cendrawasih
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*, Penterjemah, Melanie Budianta. Jakarta: Gramedia
- Zuriah, Nurul. *Pendidikan Moral dan Budi Pekerti dalam Perspektif Perubahan*. Jakarta: Bumi Aksara